# BEACON CONNECT *family* APLIKASYON

*Telechaje Aplikasyon an:*
*Chèche **BC Family** nan magazen aplikasyon w lan*

## ANVAN OU KONEKTE

Aplikasyon Beacon Connect Family bay paran yo yon trankilite lespri pandan l ap bay **mizajou an tan reyèl** sou lokalizasyon otobis lekòl pitit ou a, notifikasyon pou lè li monte/rive, ak alèt nan ka yon reta oswa yon ijans.

- ✓ Asire ou **nimewo telefòn** ou itilize pou w konekte a menm ak nimewo kontak ki anrejistre nan lekòl la.
- ✓ **Nimewo Wout Otobis la:** Ou dwe konnen nimewo wout otobis elèv ou a. Si w pa sèten oswa si w pa konnen nimewo wout la, rele distri lekòl ou a.

## KONEKTE AK APLIKASYON AN

Konekte an sekirite ak Beacon Connect Family avèk nimewo telefòn ou epi yon kòd otantifikasyon a de faktè yon fason pou se sèlman pèsonèl otorize ki ka swiv otobis elèv la. *Klike sou bouton Need Help (Bezwen Èd) la pou chanje lang.*

1




***Pa Obligatwa:*** *Chwazi Bezwen Èd pou chanje lang*

2

**Sign In (Enskri)**

Phone Number (Nimewo Telefòn)

US +1 (999) 999-9999

Itilize nimewo telefòn ou te bay distri a

3



BEACON
# CONNECT
# family APLIKASYON

Eskane oswa klike pou Titoryèl Videyo

## KONFIGIRASYON APLIKASYON AN

1. Klike sou "Add New Bus/Route" (Ajoute Nouvo Otobis/Wout).




2. Chwazi wout ou vle swiv la.




3. Chwazi elèv ou a.




4. Chwazi yon tip zòn.




5. Ajiste gwosè zòn ou an.




6. Chwazi jou/lè ou ta renmen resevwa notifikasyon yo.



**BEACON CONNECT**

[Klike pou Titoryèl Videyo]

⑦ Resevwa yon notifikasyon chak fwa otobis la antre nan yon zòn.




⑧ Swiv otobis la an tan reyèl.




!

Itilize bouton Paramèt la pou:

- Ajoute nouvo elèv
- Kreye nouvo wout
- Modifye wout ki egziste deja.

# Custom Zones

## Pa Obligatwa: Zòn Pèsonalize yo

Kilè Mwen dwe itilize zòn pèsonalize yo?



Si elèv la pran yon lòt otobis egzanp pou ale kay Grann li.



Bay yon 'avètisman' lè otobis la touprè (Jeneralman yon magazen nan katye a).



Ajoute jewolokalizasyon si estasyon an lwen lakay yo.

① Chwazi ***"Settings" (Paramèt).***




② Chwazi ***"Buses You Follow" (Otobis W ap Swiv yo).*** **Sonje ou dwe konnen nimewo wout la.*



BEACON CONNECT

[Klike pou Titoryèl Videyo]

③ Antre ***"Route" (Wout)*** nan ba rechèch la.




④ Chwazi ***"Custom Zone" (Zòn Pèsonalize)*** epi ba li yon **"Nickname" (Ti Non).**




⑤ Antre ***"Address" (Adrès),*** epi defini ***"radius" (reyon an).***




⑥ Chwazi **"days" (jou)** ak and **"times" (lè)** ou vle resevwa notifikasyon.




⑦ Ou fin kreye zòn pèsonalize ou a kounya.



BEACON CONNECT

[Klike pou Titoryèl Videyo]

## OU GEN KESYON?

**K: Èske Mwen ka ajoute manm fanmi yo pou resevwa notifikasyon sou lokalizasyon elèv mwen an?**

- Wi, w ap bezwen kontakte distri w la anvan pou ajoute yo nan yon lis manm fanmi apwouve.

**K: Èske Mwen ka ajoute yon estasyon adisyonèl pou kèk jou nan semèn nan?**

- Wi, w ap bezwen kontakte distri w la anvan pou ajoute yo nan yon lis manm fanmi apwouve.

**K: Kisa Mwen dwe fè si Mwen pa resevwa notifikasyon aprè konfigirasyon an?**

- Asire w notifikasyon aktive sou aparèy ou an.
- Kontakte nou nan beaconconnect@gobeacon.com.
- Tanpri mete nimewo telefòn ki asosye avèk kont ou an ak distri lekòl ou a lè w ap kontakte nou.

**K: Aplikasyon an di nimewo telefòn Mwen te antre a pa valab. Kòman Mwen ka verifye nimewo ki nan dosye a?**

- Kontakte sèvis sipò nan beaconconnect@gobeacon.com.
- Si nimewo telefòn ki nan dosye a pa koresponn, ou dwe kontakte lekòl ou a dirèkteman. Sonje: Sèvis asistans pa ka chanje nimewo telefòn ou an. Tout mizajou dwe apwouve epi trete nan lekòl ou a.

**K: Poukisa gen yon reta nan lokalizasyon an dirèk otobis la sou aplikasyon an?**

- Aplikasyon an gen yon **reta 16 segonn** ant lokalizasyon reyèl otobis la ak mizajou an dirèk ki afiche nan aplikasyon an. Se nòmal epi li fè pati pwosesis swivi sistèm nan.

**K: Kòman pou Mwen rapòte yon pwoblèm avèk Aplikasyon an?**

- Voye yon imèl nan: BeaconConnect@GoBeacon.com

Si w gen nenpòt kesyon tanpri kontakte nou nan
BeaconConnect@Gobeacon.com